

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Métode téh asalna tina basa Latin nyaéta *methodos* ‘cara’ atawa ‘jalan’. Ari kecap *methodos* asalna tina kecap *metha* ‘nyungsi’ atawa ‘ngaliwatan’ jeung *hodos* ‘jalan’ atawa ‘cara’. Ratna (2015, kc. 34) nétélakeun yén métode ngandung harti cara-cara, stratégi pikeun maham réalitas, léngkah-léngkah sistematis pikeun ngungkulan runtuyan sabab-akibat. Moeliono dkk. (1998, kc. 580-581) nétélakeun yén métode nyaéta (1) cara anu tétéla éntép seureuhna (Ind, *teratur*) jeung kakonsép kalawan asak pikeun ngahontal maksud atawa tujuan (dina élmu pangaweruh, jeung sajabana) sarta (2) cara gawé anu nyoko kana hiji sistem pikeun ngagampangkeun lumangsungna hiji kagiatan (panalungtikan) geusan ngahontal tujuan anu geus ditangtukeun.

Dina seuhseuhanana mah métode téh mangrupa tarékah anu sistematis pikeun ngahontal hiji udagan sangkan maham kagemblengan hasil panalungtikan. Ku sabab kitu, unggal panalungtikan merlukeun métode anu luyu jeung udagan anu baris dihontal tur ahirna nyangking atawa maham kagemblengan kana pasualan anu nyampak.


Dina ieu panalungtikan, métode anu dipaké nyaéta métode déskriptif. Léngkah- léngkah anu digunakeunana nyaéta ngadéskripsikeun fakta-fakta, anu satuluyna dianalisis (Ratna, 2015, kc. 46-47). Demi pungsina nyaéta pikeun ngungkulan pasualan-pasualan faktual kalawan léngkah-léngkah panalungtikan: ngumpulkeun data, nyusun papasingan data, nganalisis tur napsirkeun data, sarta nyindekkeun hasil panalungtikan.

3.1 Desain Panalungtikan

Desain téh raraga, rangkay, atawa rarancang. Ari panalungtikan nyaéta laporan dumasar panalungtikan ilmiah kana hiji hal atawa variabel (Kamus Besar Bahasa Indonesia */offline/*). Ari desain panalungtikan nyaéta rarancang panalungtikan ngeunaan hal nu rék ditalungtik, anu satuluyna dipungkas ku jalan nyusun laporan tina hasil panalungtikan nu geus dilaksanakeun.

Desain panalungtikan téh diperlukeun dina ngararancang panalungtikan nepi ka rupaning pananya nu aya bisa kajawab. Ku hal éta, ngaliwatan desain panalungtikan rupaning pananya jeung udagan panalungtikan téh bisa kapaluruh kalawan gemet tur imeut.

Desain ieu panalungtikan kagambar dina bagan ieu di handap.



Bagan 3.1
Desain Panalungtikan

3.2 Data jeung Sumber Data

3.2.1 Data

Inti tina hiji panalungtikan nyaéta kakumpulna data atawa informasi anu satuluyna diolah atawa dianalisis tur hasilna diinterpretasikeun jadi kacindekan

panalungtikan. Data dina ieu panalungtikan nyaéta kumpulan kecap, frasa, klausa rumpaka kawih nu aya dina *Kawih Degung Emas* sanggihan Mang Koko.

Sabada ditranskripsi, kapanggih aya 10 judul rumpaka kawih. Judul kawihna di antarana waé: “Reumis Beureum dina Eurih”, “Tina Jandéla”, “Kembang Tanjung Panineungan”, “Angin Priangan”, “Hariring nu Kungsi Nyanding”, “Salempay Sutra”, “Kembang Impian”, “Duh Indung”, “Angkrék Japati di Cibodas”, jeung “Asih Abadi”.

3.2.2 Sumber Data

Nurutkeun Moleong (2007, kc. 157) sumber data utama dina panalungtikan kualitatif nyaéta kumpulan kecap jeung tindakan. Luyu jeung pamadegan Lofland jeung Lofland (dina Basrowi jeung Suwandi, 2008, kc. 169) anu nétélakeun yén:

“sumber data utama dalam penelitian kualitatif ialah kata-kata dan tindakan selebihnya adalah data tambahan seperti dokumen dan lain-lain. Berkaitan dengan hal itu, pada bagian ini jenis data dibagi ke dalam kata-kata, tindakan, sumber data tertulis, foto, dan statistik.”

Sumber data utama dina ieu panalungtikan nyaéta rumpaka kawih nu aya dina album *Kawih Degung Emas* sanggihan Mang Koko. Kawih-kawih nu aya dina album téh satuluyna ditranskripsi kana wangun téks (tulisan).

Kawih Degung Emas téh mangrupa album rekaman sora pangawih Nenden Dewi Kania nu mirupa kasét, volume ka-2, produksi studio rekaman Dian Pramudita Kusuma-Jakarta, taun 2002. Eusina ngamuat 10 judul kawih petingan sanggihan Mang Koko.

3.3 Téhnik Panalungtikan

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Data dina ieu panalungtikan dikumpulkeun ku tilu cara, nyaéta (1) obsérvasi jeung (2) studi pustaka.

Téhnik obsérvasi mangrupa cara ngumpulkeun data anu ngagunakeun indera panempo atawa indera pangrungu anu dilakukeun sacara langsung, sangkan bisa meunangkeun gambaran anu réalistis tina kajadian anu ditalungtik.

Téhnik studi pustaka digunakeun pikeun maluruh jeung nalaah dokumén-dokumén anu ngandung informasi nu aya patalina jeung hal nu rék ditalungtik. Éta dokumén téh téh mangrupa buku, pustakamangsa, almanak, gambar, jeung dokumén-dokumén séjénna.

Téhnik analisis data digunakeun pikeun maluruh tur ngaguar eusi rumpaka kawih nu aya dina album *Kawih Degung Emas* sanggian Mang Koko. Anapon analisis nu dipaké nyaéta analisis struktural jeung sémiotik.

Dumasar kana pedaran téhnik-téhnik di luhur, saterusna ditataan kalawan jéntré léngkah-léngkah ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan;

- a. ngaidéntifikasi sumber data dina album *Kawih Degung Emas* sanggian Mang Koko;
- b. ngaregepkeun kawih Sunda nu aya dina album *Kawih Degung Emas* sanggian Mang Koko;
- c. nyieun transkripsi téks kawih;
- d. data dipasing-pasing dumasar kana struktur puisi;
- e. data dipasing-pasing dumasar kana unsur sémiotik;
- f. data nu geus dipilah tur dipilih dicatet kana kartu data;
- g. dumasar hasil analisis saterusna disusun jadi bahan pangajaran di SMA;

3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Data anu geus kapanggih téh satuluyna diolah ngagunakeun téhnik analisis langsung kana téks kalawan pamarekan struktural jeung sémiotik. Pamarekan struktural digunakeun pikeun maluruh tur ngaguar struktur rumpaka kawih, sedengkeun pamarekan sémiotik digunakeun pikeun ngaguar tanda-tanda nu nyampak dina rumpaka kawih.

Dumasar kana katerangan di luhur, léngkah-léngkah ngolah data dina ieu panlaungtikan ngawengku:

- a. nranskripsi rumpaka kawih tina album *Kawih Degung Emas* sanggian Mang Koko;
- b. mariksa jeung niténan deui data nu geus dikumpulkeun;

- c. nganalisis struktur rumpaka kawih dina *Kawih Degung Emas* sanggian Mang Koko;
- d. nganalisis unsur-unsur sémiotik rumpaka kawih dina *Kawih Degung Emas* sanggian Mang Koko;
- e. ngadéskripsikeun struktur jeung unsur-unsur sémiotik rumpaka kawih dina *Kawih Degung Emas* sanggian Mang Koko;
- f. matalikeun objék nu geus ditalungtik jeung bahan pangajaran di SMA;
- g. nyusun kacindekan jeung saran tina hasil panalungtikan.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 192), instrumén panalungtikan mangrupa alat anu digunakeun pikeun meunangkeun data. Anapon instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data jeung padoman obsérvasi. Kartu data digunakeun pikeun ngumpulkeun jeung mindahkeun data anu geus aya sangkan babari dina napsirkeun jeung ngainterprétasikeunana. Ieu di handap format kartu datana.

a. Transkripsi Kawih

Tabél 3.1
Kartu Data Transkripsi Kawih

No	Judul Rumpaka	Ciptaan	Nu Nyanggi	Wangun Rumpaka	Kode Rumpaka
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	

b. Unsur Rumpaka

Tabél 3.2
Kartu Data Jumlah Pada jeung Padalisan

No	Judul Rumpaka	Jumlah Pada	Jumlah Padalisan	Guru Lagu jeung Guru Wilangan
(1)	(2)	(4)	(5)	(6)

c. Struktur Rumpaka

Tabél 3.3
Kartu Data Struktur Imaji

No	Kode Rumpaka	Objék Analisis	Interprétasi Imaji
(1)	(2)	(3)	(4)

Tabél 3.4
Kartu Data Struktur Musikalitas

No	Kode Rumpaka	Objék Analisis	Interprétasi Musikalitas
(1)	(2)	(3)	(4)

Tabél 3.5
Kartu Data Struktur Suasana

No	Kode Rumpaka	Objék Analisis	Interprétasi Suasana
(1)	(2)	(3)	(4)

Tabél 3.6
Kartu Data Struktur Téma

No	Kode Rumpaka	Objék Analisis	Interprétasi Téma
(1)	(2)	(3)	(4)

Tabél 3.6
Kartu Data Struktur Gaya Basa

No	Kode Rumpaka	Objék Analisis	Interprétasi Gaya Basa
(1)	(2)	(3)	(4)

d. Unsur Sémiotik

Tabél 3.4
Unsur-unsur Sémiotik

No	Kode Rumpaka	Objék Analisis	Interprétasi
(1)	(2)	(3)	(4)